

The University of the State of New York

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA AK GOUVÈNMAN  
ETAZINI****Madi** 13 Jen 2017 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon (1–50):* Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

- 1 Ki faktè jewografik ki plis enfluyans devlopman gwo plantasyon ki nan rejyon sidès Etazini?
  - (1) tè arid
  - (2) tanperati fre
  - (3) forè pen
  - (4) plèn fèttil
- 2 Ki wòl enpòtan mèkantilis ewopeyen an te jwe pandan ane 1600 rive 1700 yo?
  - (1) ogmante richès peyi a
  - (2) fè pwomosyon pou otosifzans kolonyal
  - (3) ankouraje endistri tekstil kolonyal
  - (4) amelyore komès ant nasyon ewopeyen yo
- 3 Ki rezilta sa te vin pote apre dosye John Peter Zenger a (1735)?
  - (1) sifraj inivèsèl
  - (2) asanble pasifik
  - (3) libète laprès
  - (4) dwa pou vi prive
- 4 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

I. \_\_\_\_\_

A. Bwote yo mennen nan koloni yo kont volonte yo

B. Andire kondisyon brital

C. Bay travay pou reyisit ekonomi agrikòl la

D. Reziste kont tantativ pou elimine kilti yo a

  - (1) Imigran chinwa yo nan Kòt Wès la
  - (2) Mete afriken ki nan Sid yo nan esklavaj
  - (3) Fè yon kontra ak sèvitè ki nan New England yo
  - (4) Fèmye meksiken yo nan Sidwès
- 5 Kòmman fen gè Lafrans ak Lend lan (1754–1763) afekte koloni ameriken yo?
  - (1) Langletè enpoze lòt taks tounèf pou pou peye kòm dèt.
  - (2) Twoup anglè te kite koloni yo.
  - (3) Yo te bay koloni yo espas lwès apalach yo.
  - (4) Règleman komès kolonyal la te diminye.
- 6 Objektif prensipal Atik Konfederasyon an se te pou
  - (1) pwokire taks kòm revni pou gouvènman nasyonal la
  - (2) kreye estrikti debaz gouvènman nasyonal la
  - (3) bay gouvènman nasyonal la pouvwa pou kontwòle komès entè-eta
  - (4) etabli sipremasi gouvènman nasyonal la sou lòt eta yo
- 7 Anpil nan prensip fondamantal nou jwenn nan konstitisyon Etazini an (1787) te baze sou
  - (1) konsèp neglijan salitè
  - (2) enfluyans Lwayalis britanik yo
  - (3) lwa monak absoli ann Ewòp
  - (4) zèv filozòf syèk Limè yo
- 8 Federalis, separasyon pouvwa, epi chèk ak balans se prensip konstitisyonèl ki dirèkteman
  - (1) ranfòse pouvwa moun k ap vote yo
  - (2) restrenn libète endividyèl
  - (3) enplike sitwayen yo nan pwosesis gouvènmantal la
  - (4) diminye konsantrasyon pouvwa gouvènmantal la

- 9 “. . . Nou ta dwe konsidere ke nou ap kite yon Konstitisyon pou jenerasyon k ap vini, epi yo pa senpleman pou sikonstans espesifik moman an. . . .”  
— James Wilson, Constitutional Convention, 1787

Moun ki ekri konstitisyon an pi byen aplike ide sa a lè yo prevwa

- (1) yon kolèj elektoral pou chwazi yon prezidan
  - (2) pwosedi nòmral pou pwoteje dwa moun
  - (3) yon metòd ki pèmèt yo adopte yon amandman nan konstitisyon an
  - (4) eleksyon dirèk pou manm kongrè a
- 10 Konstitisyon Etazini an prevwa ke jij federal yo dwe nonmen avi prensipalman pou
- (1) pwoteje desizyon jidisyè yo ap pran kont enfluyans presyon politik
  - (2) pèmèt yo gen ase tan pou fè bonjan envestigasyon sou dosye yo
  - (3) asire desizyon jidisyè yo ap pran baze sou yon presedan
  - (4) veye ke diferan pwennvi yo byen parèt nan nivo Lakou Siprèm
- 11 • Yo ta dwe ajoute yon deklarasyon dwa.  
• Gouvènman santral la twò pwisan.  
• Nasyon an twò gwo yo pou li rete yon repiblik.
- Deklarasyon sa yo montre enkyetid sitwayen ki kanpe kont
- (1) rejim kolonyal Grann Bretay la
  - (2) prensip ki parèt nan Plan Inyon Albani an
  - (3) ratifikasyon konstitisyon an
  - (4) separasyon Eta nan Sid yo ak Inyon an
- 12 Konfli sou enplantasyon Bank nan Etazini ak enpozisyon yon taks federal endirèk sanble tèt koupe avèk
- (1) Pwoklamasyon Netralite George Washington te fè sòti a
  - (2) Plan finansye Alexander Hamilton te vini avèk li an
  - (3) John Adams te siyen Aksyon Sedisyon ak Etranje yo (Alien and Sedition Acts) pou li tounen yon Lwa
  - (4) Ekspedisyon Lewis ak Clark ke Thomas Jefferson t ap sipòte

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13.

. . . E sa se pwen an. Daprè nou menm, yon opinyon ki te fòmè apati de done yo jwenn nan bon jan rechèch [apwofondi], ak konparezon, ki soti nan ankèt solid, rezònman lojik, ak gwo refleksyon, sou koz ki te anpeche pwogrè ak pwosperite nan Sid la, te diminye komès nou an, ak lòt akitivite ki sanble yo, nan yon nivo kote yo pa vo anyen ditou; lage pifò nan pèp nou an nan povrete ak inyorans, rann yon ti minorite ògèye epi diktatè, mete rès la deyò lakay yo; fè nou vin depann totalman de Eta lib yo nan yon fason imilyan; blese nou jis nan fon kè nou, lage nou anba repwòch tout nasyon sivil ak nasyon kiltive—se pou tout tounen yon sous ki komen yo, epi jwenn yon repons kont pawòl ki pi rayisab e ki pi terib ki pat janm egziste nan vokabilè ekonomi lèzòm—*Lesklavaj!* . . .

— Hinton Helper, *The Impending Crisis of the South: How To Meet It*, 1857

- 13 Deklarasyon sa a montre opinyon otè a byen klè ke esklavaj
- (1) ta dwe etann li nan teritwa lwès yo
  - (2) te lakòz Nò a te depann de Sid la
  - (3) te lakòz pwoblèm ekonomik ak sosyal nan Sid la
  - (4) te rezon ki fè Sid la te dwe separe ak Inyon an
- 
- 14 Adopsyon Lwa sou Pwopriyete a “Homestead Act” an (1862) ak finisyon premye wout tren transkontinantal la an (1869) ankouraje règleman nan ki rejyon?
- (1) Gran Plèn yo
  - (2) Plèn Kòt Atlantik
  - (3) Vale Rivyè Ohio
  - (4) Kòt Gòlf

15 Ki deklarasyon ki se yon deklarasyon jeneral sou eksperyans Afriken-Ameriken yo pandan kòmansman peryòd Rekonstriksyon an (1865–1870)?

- (1) Yo te vin jwenn egalite ekonomik.
- (2) Patisipasyon yo nan gouvènman diminye.
- (3) Yo jwenn dwa legal yo a pa mwayen amannman konstitisyonèl yo.
- (4) Egalite politik yo a te kont pifò Repibliken Radikal yo.

16 Yon sistèm meteyaj te devlope nan Sid apre Lagè Sivil la paske

- (1) anpil moun ki te esklav pat gen okenn konpetans nan agrikilti
- (2) pwopriyete gwo kantite tè sa yo te fè fas ak mank travayè
- (3) lagè te detwi anpil tè agrikòl
- (4) pwopriyete plantasyon yo te vle divèsifye kilti yo

17 Lefètke gouvènman Etazini an te itilize prensip lesefè a (*laissez-faire*) nan fen 19yèm syèk la, sa te lakòz

- (1) angajman pou pote èd bay ti biznis ameriken
- (2) bèsnan kantite travay nan faktori yo
- (3) opozisyon kont biznis ameriken yo pou tarif pwoteksyon yo
- (4) plis konfyans ak monopòl

18 Ki youn nan rezilta desizyon Lakou Siprèm nan nan dosye *Plessy* kont *Ferguson* (1896)?

- (1) Yo te entegre lekòl piblik yo nan tout peyi a.
- (2) Yo te etabli doktrin “separe men egal” la.
- (3) Yo te ranfòse dwa sivil Afriken-Ameriken yo.
- (4) Yo te fòse eta nan nò yo pou separe etablisman piblik yo.

19 Nan ane 1899, Etazini pwoklame politik Pòt Louvri yo yon fason pou

- (1) asire opòtinite komès nan Lachin
- (2) anpeche moun Filipin yo atake Lachin
- (3) ogmantasyon komès la ant Larisi ak Etazini
- (4) anpeche peyi ewopeyen yo tonbe nan kolonize Lafrik

Sèvi ak deklarasyon ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 ak 21.

*Oratè A:* Se yon wont pou nou kite timoun nan peyi sa a ap pase yon pakèt tan ap travay nan kondisyon ki pa sanitè e ki danjere. Gouvènman an dwe reyaji epi pwoteje timoun nou yo.

*Oratè B:* Nou dwe pèmèt biznis fè konpetisyon lib e libè san entèvansyon gouvènman an. Sa ki pi fò a ap siviv.

*Oratè C:* Monopòl ak twòs yo fè li enposib pou ti biznis fè konpetisyon. Monopòl yo desann pri yo pou elimine konpetisyon epi yo fè konsomatè yo peyi pi chè toujou.

*Oratè D:* Gwo biznis yo se yon bon bagay pou peyi a. Li ogmante richès peyi a, bay travay epi ranfòse peyi a.

20 Kisa *Oratè B* a ta plis renmen gouvènman federal la fè?

- (1) Kontwole travay timoun.
- (2) Adopte yon taks sou revni pwogresif.
- (3) Ranfòse lwa imigrasyon yo.
- (4) Apiye konsèp Sosyal Dawinis la.

21 Ki de (2) oratè ki reprezante kwayans anpil refòmatè yo pandan epòk Pwogresis la?

- (1) *A* ak *B*
  - (2) *A* ak *C*
  - (3) *B* ak *C*
  - (4) *B* ak *D*
-

Sèvi ak tit jounal ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 22.

**\$50,000 REKONPANS — POU MOUN KI DETWI MAINE? — \$50,000 REKONPANS**




EDISYON POU TOUT REJYON NEW YORK

# NEW YORK JOURNAL

AK KONSEYE

NEW YORK, JEDI 17 FEVRIYE 1898



---

**DESTRIKSYON BATO GÈ MAINE NAN SE TRAVAY YON ÈNMI**

**\$50,000!**

**\$50,000 REKONPANS!**  
 Pou moun ki fè atanta nan Maine nan!

FOR THE PERPETRATOR OF THIS OUTRAGE HAS ACCOMPLISHED

Roosevelt, sekretè asistan an, rete kwè eksplozyon bato Maine nan pat yon senp aksidan.

Jounal la ofri \$50,000 rekonpans pou kondanasyon kriminel ki voye 258 sòlda ameriken nan peyi san chapo. Tout ofisye naval yo fè konnen ke destriksyon bato a fèt nan yon objektif.

**\$50,000!**

**\$50,000 REKONPANS!**  
 Pou moun ki fè atanta nan Maine nan!

FOR THE PERPETRATOR OF THIS OUTRAGE HAS ACCOMPLISHED

Sous: "Crucible of Empire," PBS Online (adapte)

22 Ki prensipal objektif tit jounal 1898 sa yo?

- (1) mobilization sipò pou yon deklarasyon lagè kont Espay
- (2) pwomosyon pou lapè ant Espay ak Etazini
- (3) sipòte èd imanite pou pèp kiben an ki ap souffri
- (4) pini sitwayen Kiba yo

- 23 • Sipopilasyon
- Gwo pousantaj krim
  - Move eta sante

Nan kòmansman ane 1900 yo, pwoblèm sa yo se te rezilta dirèk

- (1) enfliyans jounalis endepandan yo
- (2) pwogram konsèvasyon yo
- (3) migrasyon nan direksyon lwès
- (4) ibanizasyon rapid

24 Nan kòmansman ane 1900 yo, Kongrè a te aji pou kontwòle pwovizyon lajan nan peyi a pi byen lè yo

- (1) ogmante salè minimòm nan
- (2) ogmante tarif pwoteksyon an
- (3) kreye Sistèm Rezèv Federal la
- (4) adopte Lwa Antitwòs Clayton nan

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26.

**“LI PI BON POU NOU KENBE ANSYEN KANAL”**



Sous: Winsor McCay, *New York American*, 1919 (adapte)

25 Kisa ide prensipal desen sa a?

- (1) Vwayaj pa mwayen bato sou lanmè te danjere epi yo ta dwe entèdi l.
- (2) Etazini ta dwe retounen nan yon politik izolasyonis etranje.
- (3) Etazini ta dwe pran latèt nan kreye yon òganizasyon entènasyonal lapè.
- (4) Marin Etazini an ta dwe fè efò pou yo amelyore flòt li yo.

26 Nan Sena Etazini an, moun ki te dakò ak opinyon ki parèt nan desen ki pi ba a te kapab

- (1) mete fen nan patisipasyon Etazini nan Premye Gè Mondyal la
- (2) chanje dispozisyon ki nan Trete Vèsay la pou reflète ideyal Ameriken yo
- (3) jwenn sipò piblik pou Etazini kapab bay èd pou nasyon ewopeyen yo lagè ravaje
- (4) rejte pwopozisyon Prezidan Woodrow Wilson fè pou yo vin manm nan Lig Nasyon yo


27 Yon gwo efè nan Renesans Harlem nan se te li

- (1) ekspoze koripsyon nan politik Vil Nouyòk
- (2) mete fen nan Gwo Migrasyon an
- (3) ogmante kanpay sansibilizasyon kilti Afriken-Ameriken yo
- (4) enspire mouvman Pwogresis

28 Pandan ane 1920 yo, manm nan Ku Klux Klan yo te asosye depre ak

- (1) favorize ogmantasyon ibanizasyon
- (2) fè pwomosyon lide ak règleman nativis yo
- (3) etann opòtinite nan domèn edikasyon pou moun defavorize yo
- (4) opoze kont depòtasyon disidan politik yo

Sèvi ak kat jwografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal 29 ak 30.



Sous: Andrew Cayton et al., *America: Pathways to the Present*, Prentice Hall, 2000 (adapte)

29 Nan ane 1930 yo, yo te vin konnen zòn ki fonsè yo dekri sou kat jwografik la kòm

- (1) Senti wouye (Rust Belt)
- (2) Bòl pousyè (Dust Bowl)
- (3) Divizyon Kontinantal (Continental Divide)
- (4) Dèlta Misisipi (Mississippi Delta)

30 Nan ane 1930 yo, ki evènman ki te fèt nan zòn ki fonsè a ki te gen gwo enpak sou popilasyon nan rejyon an?

- (1) Yon gwo kantite moun te deplase al nan lwès.
- (2) Anpil moun ki te rive ap chèche opòtinite ekonomik.
- (3) Pwosperite agrikòl la leve valè tè yo.
- (4) Gwo batiman baraj la te fini ak inondasyon chak ane.

Baze repons ou pou kesyon 31 sou desen ki pi ba a ak konenans ou nan etid sosyal.



Sous: Vaughn Shoemaker, *Chicago Daily News*, January 1937

31 Desinatè sa a kwè ke aksyon Prezidan Franklin D. Roosevelt anrapò ak Lakou Siprèm te

- (1) byenvini pou pi fò nan piblik Ameriken an
- (2) nesèsè pou pwoteje Deklarasyon Dwa
- (3) danjere pou sistèm pouvwa ekilibre a
- (4) bezwen navige san danje nan Gwo Depresyon an

32 Lejislasyon yo te adopte nan ane 1940 pou yo kreye yon pwojè militè a te gen kontwovès paske li


- (1) te mande pou se twa-ka nan eta yo ki pou ratifye l
- (2) fè fanm yo kalifye pou batay
- (3) ranvèsè veto Prezidan Franklin D. Roosevelt la
- (4) te fè moun pè pou Etazini pat antre nan lagè

33 Kongrè a te adopte Lwa sou Tè Fèmaj la an 1941 yon fason pou

- (1) ede Grann Bretay nan Dezyèm Gè Mondyal
- (2) estabilize sistèm bankè entènasyonal la
- (3) kenbe politik tradisyonèl la nan bonjan netralite l anrapò ak Almay
- (4) ankouraje komès ak Japon

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal 34 ak 35.

### Ewòp apre Dezyèm Gè Mondyal la



Sous: Roger B. Beck et al., *World History: Patterns of Interaction*, McDougal Littell (adapte)

- 34 Jan sa parèt sou kat jeyografik la, sa ki te domine politik etranje nan Etazini pandan administrasyon Prezidan Harry Truman nan se te kwayans ki di
- (1) ekspansyon kominis ann Ewòp dwe kontwole
  - (2) kowoperasyon ak Inyon Sovyetik dwe ogmantasyon
  - (3) yo pat dwe rekonèt nasyon satelit nan Inyon Sovyetik yo kòm eta legal
  - (4) èd ekonomik pa t ap gen anpil chans pou ede nasyon nan Ewòp oksidantal yo
- 35 Yon aksyon Etazini te pran pou reponn nan sitiyasyon ki parèt sou kat jeyografik la te
- (1) retounen nan yon politik etranje izolasyonis
  - (2) atake teritwa Sovyetik yo kontwole
  - (3) ede fòmè Òganizasyon Trete Nò Atlantik (OTAN) la
  - (4) siyen akò komès ak nasyon Inyon Sovyetik ap jere yo



36 Apre Dezyèm Gè Mondyal la, Prezidan Harry Truman avanse dwa Afriken-Ameriken yo pa mwayen

- (1) yon òdonans li siyen pou mete fen nan segregasyon militè a
- (2) pwojè lwa li te siyen pou elimine taks biwo vòt yo
- (3) nominasyon yon Tribinal Siprèm divès ras
- (4) pwosesis pou mete fen nan diskriminasyon nan akomodasyon piblik

Sèvi ak sitasyon ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 la.

. . . Mwen kwè nan yon Amerik kote separasyon ant legliz ak leta fèt toutbonvre—kote pa gen pontif katolik [evèk] pou di prezidan (menmsi l pa katolik) fason pou li aji, e kote pa gen minis pwotestan k ap di fidèl li yo pou ki moun pou yo vote—kote yo pa bay okenn legliz oubyen legliz ki gen lekòl fon piblik oswa preferans politik—ak kote yo pa repouse pèsonn nan yon biwo piblik senpleman paske relijyon li pa nan menm relijyon ak prezidan an ki ta ka nome l oswa moun ki ta ka chwazi mete l sou pouvwa. . . .

— Senator John F. Kennedy, September 12, 1960

37 Nan deklarasyon sa a, Senatè John F. Kennedy ap montre sipò li pou

- (1) ogmante èd federal nan lekòl prive yo
- (2) etabli yon relijyon nasyonal
- (3) mete lidè relijye deyò nan biwo piblik yo
- (4) defann prensip premye amannman

38 Ki estrateji prensipal Dr. Martin Luther King Jr. te itilize pou rive atenn egalite nan dwa nan Etazini?

- (1) defann separasyon nan ras yo
- (2) konseye Afriken-Ameriken yo pou antre nan lekòl pwofesyonèl
- (3) ankouraje itilizasyon dezobeyisans sivil
- (4) kreye yon nouvo pati politik

39 Ki gwo rezilta Gwo Sosyete Prezidan Lyndon B. Johnson te jwenn nan ane 1960 yo?

- (1) Ajans gouvènman tankou Sekirite Sosyal pèdi sipò yo.
- (2) Depans militè yo te tonbe nan pi ba nivo yo nan ane 50.
- (3) Yo te kreye pwogram tankou Medicare ak Job Corps pou diminye povrete.
- (4) Gouvènman federal la te fonksyone ak yon bidjè ekilibre.

40 Pwogram aksyon pozitif yo te kòmanse nan mitan ane 1960 yo esansyèlman kòm yon fason pou

- (1) diminye chomaj nan zòn riral Sid la
- (2) ogmante opòtinite ekonomik ak edikatif pou minorite yo
- (3) rebati lojman piblik nan zòn iben yo
- (4) chache sipò pèp la pou redui taks yo


41 Ki dosye nan Lakou Siprèm ki sanble ak pwoblèm konstitisyonèl ki te adapte ak ka sa a?

- (1) *Brown* kont *Konsèy Edikasyon Topeka*—dwa pou jwenn yon avoka
- (2) *Tinker* kont *Des Moines*—pwoteksyon kont rechèch ki pa rezonab
- (3) *Engel* kont *Vitale*—dwa pou w pase devan yon jiri
- (4) *Miranda* kont *Arizona*—pwoteksyon kont otoenkriminasyon

42 An 1991, Prezidan George H. W. Bush angaje twoup militè ameriken yo pou batay nan Lagè Gòlf Pèsik la yo nan lide pou

- (1) retire fòs Irak yo nan Kowet
- (2) ede Grann Bretay pran kontwòl nan pi petwòl Mwayen Oryan yo
- (3) ede Iran nan lagè kont Irak
- (4) kenbe kanal Suez la louvri pou tout nasyon

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43.




Sous: Herblock, *Washington Post*, 1998

43 Ki deklarasyon ki ekspriye pwendvi desinatè komik sa a avèk plis presizyon?

- (1) Nouvo teknoloji rann lavi modèn nan mwens pratik.
- (2) Grasa òdinatè dosye medikal yo vin pi ansekirite.
- (3) Itilize òdinatè ka mete lavi prive w andanje.
- (4) Dosye gouvènman yo stoke sou òdinatè.

Sèvi ak graf ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 44.

### Repatisyon popilasyon etazini an selon laj ak sèks, 1999 ak 2025



Sous: Population Reference Bureau (adapte)

44 Ki konklizyon nou ka fè sou kantite yo estime popilasyon Etazini nan ane 2025 lè nou konpare li ak kantite li ye an 1999 selon sa ki sou desen yo?

- (1) Plis moun ap viv pi lontan an 2025.
- (2) Kantite popilasyon an ap double an 2025.
- (3) Pousantaj mou k ap mouri ap ogmante an 2025.
- (4) Ap gen plis gason ki genyen laj 85 an pase fanm an 2025.


45 Sipò finansye Andrew Carnegie pou bibliyotèk piblik yo ak finansman Bill Gates fè nan swen medikal ann Afrik montre aklè

- (1) avantaj ki genyen nan souverènte popilè
- (2) yon devouman nan prensip sosyalis yo
- (3) nesosite pou limite antrepriz k ap grandi
- (4) yon angajman pou sèvi avèk richès pèsoneèl pou ede lòt moun

46 Yon resanblans ant kilti popilè nan ane 1920 yo ak kilti popilè nan ane 1950 yo sè ke anpil ameriken nan tou de peryòd yo te gen

- (1) yon atitud akeyan anvè imigran yo
- (2) yon gwo anvè pou posede byen konsomasyon
- (3) yon gwo enterè pou mòdvi seksyon riral
- (4) yon move itilizasyon nouvo teknoloji

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 47.



Sous: Mike Peters, *Dayton Daily News*, 1994

47 Ki deklarasyon konsènan prezidan Etazini a soti ane 1953 pou rive 1994 ki eksprime lide prensipal desen sa a avèk plis presizyon?

- (1) Chak prezidan sa yo ogmante èd etranje nan Kiba.
- (2) Politik Etazini an anvè Kiba pat efikas.
- (3) Yo te retire Fidel Castro sou pouvwa nan Kiba.
- (4) Plizyè prezidan te eseye kolabore ak Fidel Castro.

- 48 • Libète ekspresyon te limite sou John Adams.  
 • Japonè ameriken yo te entèrne pandan Dezyèm Gè Mondyal la.  
 • Administrasyon George W. Bush ak administrasyon Barack Obama te kenbe teworis yo sispèk yo nan prizon militè san yo pa jije yo.

Tout aksyon sa yo gouvènman federal la ap fè a montre


- (1) dwa Konstitisyon an garanti yo pa chanje fasil
- (2) anjeneral, diskriminasyon kont gwoup ki pi piti yo diminye pandan peryòd lagè
- (3) souvan, yo limite libète sivil yo nan tan lagè oswa kriz nasyonal
- (4) souvan, vyolasyon dwa moun se kòz lagè nan Etazini

- 49 Youn nan resanblans woman *The Jungle* (*Jeng lan*), Upton Sinclair te ekri ak *Unsafe at Any Speed* (*Machin k ap Touye Moun*) Ralph Nader te ekri genyen sèke toulède te debouche sou youn lwa ki

- (1) elaji wòl gouvènman federal la nan pwoteje konsomatè
- (2) garanti dwa lapawòl gratis pou etidyan yo
- (3) ogmante prensip sekirite yo pou gran wout ant eta yo
- (4) mete restriksyon sou dwa pou minorite a vote

Sèvi ak graf ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 50 la.

### Konpozisyon imigrasyon ameriken an, 1941-1996



Sous: Wilson and Dilulio Jr., *American Government: Institutions and Policies*, Houghton Mifflin, 2004 (adapte)

50 Ki deklarasyon konsènan popilasyon Etazini an soti 1941 pou rive 1996 enfòmasyon ki nan graf la fè parèt aklè ?

- (1) Laj mwayèn popilasyon Etazini an ogmante.
- (2) Kantite imigran ki aplike pou natiralize sitwayen ameriken an diminye.
- (3) Kantite moun ki fèt aletranje ki rezide nan Etazini an tonbe apre 1960.
- (4) Divèsite a nan sosyete Ameriken an ogmante nan dezyèm mwatye 20yèm syèk la.

**Paj sa a rete vid toutespre.**

**Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.**

**Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”
- b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## **Pati II**

### **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### **Tèm: Chanjman - Etazini apre Dezyèm Gè Mondyal la**

Depi fen ane 1940 yo, anpil devlopman nan domèn ekonomik, sosyal ak politik enpòtan te gen efè pozitif ak negatif sou Etazini ak sou sosyete ameriken an. Anpil nan devlopman sa yo kontinye afekte sosyete ameriken an.

**Sa pou fè:**

Chwazi **de (2)** devlopman enpòtan ki te fèt depi fen ane 1940 yo ak pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki antoure devlopman an
- Diskite *efè pozitif* **ak/oswa** *negatif* itilizasyon devlopman sa a te gen sou Etazini oswa sou sosyete ameriken an

Ou ka itilize nenpòt devlopman enpòtan ki te pase nan fen ane 1940 yo nan etid ou fè sou istwa Etazini. Men kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere baby boom, McCarthyism, kous pou zam nikleyè, dezegregasyon nan lekòl yo, ibanizasyon, migrasyon nan Sun Belt, mouvman feminis, ak ogmantasyon konsomasyon.

**Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.**

**Gid:**

**Nan redaksyon ou asire ou**

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

**Paj sa a rete vid toutespre.**



## Pati III

## KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

## Kontèks Istorik:

Atravè tout istwa Etazini, pandan tan ki gen kriz oswa chanjman, prezidan yo te pale ak pèp ameriken an yn fason pou enfluyanse opinyon piblik la epi jwenn sipò yo. Diskou sa yo te gen yon konsekans enpòtan sou Etazini ak sou sosyete ameriken an. Nou jwenn twa diskou konsa, **Diskou Orevwa George Washington nan (1796)**, **Diskou Abraham Lincoln nan Gettysburg (1863)**, ak **Premye Diskou Inogirasyon Franklin D. Roosevelt la (1933)**.

**Sa pou fè:** Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** diskou ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki asosye ak diskou a
- Esplike ide prensipal diskou a
- Diskite sou konsekans diskou a genyen sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”
- (b) **eksplike** vle di “pou fè yon bagay vin senp ak fason pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalyte, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analyze dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

. . . Men, te gen yon lòt bagay nan panse Washington nan [sou retrèt]. Li te reyalize tout sa li met nan tèt pou l akonpli. Vreman vre, pa gen okenn lòt prezidan ki te fè plis pase sa. Ansanm ak li, Inyon an te siviv uit ane estrès nan yon wo nivo ak tansyon. Lapè te ranpòte laviktwa sou soufrans ekonomik ki te dire prèske kenz an. Kòm sa pat janm fèt anvan, yon van pwosperite t ap soufle sou endistri ameriken an, ki bay yon lòt nasyon espwa l ap endepandan talè konsa l ap ka achte machandiz etranje yo epi yo ap kapab ekipe tèt li lè gen lagè. Enkyetid pou Oksidan pa koupe pon an ale. Viv ak kè poze ak pisans ewopeyen an te gen priorite, li te konsa pandan tout manda Prezidan Washington. Alaverite, li te di nan dènye diskou li a devan Inyon Eta yo, kesyon reyisit nouvo gouvènman nasyonal la, yon kesyon ki ap debat depi nan kòmansman manda li an, te byen rezoud. Pifò ameriken kwè Etazini t ap kenbe. . . .

Sous: John Ferling, *The Ascent of George Washington: The Hidden Political Genius of an American Icon*, Bloomsbury Press, 2009 (adapte)

1 Dapre John Ferling, etabli **de (2)** akonplisman George Washington reyalize pandan administrasyon li an. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 2a

. . . Pwen enpòtan anrapò ak konduit konsènan nasyon etranje yo chita nan pwolonjman relasyon komèsyal nou gen ak yo etandone ti koneksyon politik posib. Kidonk, angajman nou genyen sa fè trè lontan bay asirans n ap kontinye ak tout bòn volonte nou. Annou sispann.

Peyi ewòp yo etabli yon seri enterè enpòtan ki pa vle di anpil bagay pou oswa ki pa vle di anyen ditou. Pakonsekan li rantre yon pakèt polemik souvan, alòske yo pa gen anyen pou wè ak enterè n ap defann. Pakonsekan, li pa t ap saj pou plonje tèt nou nan relasyon atifisyèl nan peripesi toulejou [chanjman] ki gen pou wè ak politik li oswa konbinezon òdinè epi rantre nan kolizyon ak zanmi li oswa ènmi yo.

Ralasyon chak moun yon bò a fè nou panse li enpòtan kontrenn nou pou pran yon chemen diferan. Si nou rete yon sèl pèp, anba yon gouvènman efikas, peryòd pou nou ka defye aksidan materyèl ki sot nan kontraryete ekstèn nan lwen rive; lè nou ka pran yon atitud san fòskote konsa sa ap ede nou rezoud pwoblèm nou yo nan nenpòt kilè depi nou respekte tout sa ki ladan l [konplètman]; lè nasyon belijeran yo, ki paka achte sou do nou, pap kapab pwovoke nou; lè nou ka chwazi lapè oswa lagè, selon enterè nou, sou baz lajistis, n ap bay konsèy. . . .

Sous: President George Washington, Farewell Address, September 19, 1796

2a Dapre dokiman sa a, ki konsèy Prezidan George Washington te bay sou politik etranjè Etazini an? [1]

Score

## Dokiman 2b

. . . Poutèt sa, mwen pran risk la, konpatriyòt kamarad mwen yo, pou pale yon pawòl serye pou avèti ou kont vyolasyon [sispansyon] sa a ki trè pwofon, pi delika, ak pi enpòtan pou netralite ki ka sòti nan mounpa, nan paspouki avèk pasyon. Etazini dwe gen yon pozisyon net nan reyalite ak nan non pandan jou sa yo ki se pou eseye nanm gason yo. Nou dwe san patipri nan panse ak nan aksyon, nou dwe mete yon limit sou santiman nou ak sou chak tranzaksyon nou ta ka konsidere kòm yon preferans pou yon pati nan batay la anvan yon lòt. . . .

Sous: President Woodrow Wilson, Message to the United States Senate, August 19, 1914

2b Dapre dokiman sa a, ki politik Prezidan Woodrow Wilson te rekòmande pou Etazini ta pou bay repons pou lagè ki te deklannche ann Ewòp nan ane 1914? [1]

Score

### Dokiman 3a

#### Lagè ewopeyen an diminye Atlantik la



Sous: Bailey, Kennedy, and Cohen, *The American Pageant*, Houghton Mifflin, 1998 (adapte)

### Dokiman 3b

. . . Peyòd pou nou izole tèt nou an rive nan bout li tou. Politik kote pa gen alyans sere sere a te ranvèse an gran jan an reyaksyon ak danje deyò yo, a yon pwen kote Etazini enplike nan plis pase karant alyans ki sere sere. Rete san fè entèkansyon vin tounen fè entèkansyon nan tout kote, ke li te nan Premye Gè Mondyal, Dezyèm Gè Mondyal, lagè Kowet oswa nan Gè Fwad la. Etazini pa kontante l rete ap gade evènman yo ap pase konsa; li detèmine nan itilizasyon gran pouvwa li a pou li ka kontwole evènman sa yo nan enterè pwòp lapè ak sekirite li. Pa enplike nan zafè lòt nasyon yo vin tounen enplikasyon nan zafè plizyè ventèn lòt, ke se te nan pwogram ekonomik oswa pwogram militè yo. Etazini pa ka kite lemonn pou kont li paske lemonn li menm pap kite li pou kont li. . . .


Sous: Thomas A. Bailey, *A Diplomatic History of the American People*, Appleton-Century-Crofts, 1964

3 Dapre dokiman sa yo, poukisa li te vin pi difisil pou Etazini swiv konsèy Prezidan George Washington te bay sou politik etranjè nan 20yèm syèk la? [1]

Score

## Dokiman 4a

Viktim batay gè sivil



Sous: Civil War Trust at [www.civilwar.org](http://www.civilwar.org) (adapte)

## Dokiman 4b

. . . Peyi a te bezwen kèk seremoni tankou sa Gettysburg la. Chòk batay sa a te atake abitan yo sòti nan Minnesota pou rive jis nan Maine nan zo ak venn yo. Plizyè milye gason te mouri, plizyè lòt milye te enfim, ak anpil lòt milye te rive viv twa jou moman ki te pi mangonmen yo.

Aprè batay la, lame yo te desann nan Virginia, e tout te pase letè a ak lòtò nan, yo tout t ap fè ale vini e youn t ap fè kolizyon ak lòt, e zam eskamouch yo ak epe yo t ap fè etensèl, yo t ap fè anpil ti batay pandan yo ap deplase, yo ap tire e yo ap gaspiye gason. Lagè a sanble t ap kontinye san kanpe e okenn moun pat ka wè bout li. Li te ase klè ke yon jan batay tèt chaje konsa nan Gettysburg la te senbolize tout bagay peyi a t ap eseye fè — tout rezon ki fè li te bay pitit gason li yo, tout kay ki te nan chak vil, gran vil ak seksyon riral yo kote yo te konnen chagren pèt ak separasyon final — e dedikasyon simityè sa a nan Pennsylvania te yon jan kanmenm pou bay yon kout chapo a jenn gason sa yo ke yo te touye e a fanmi yo ki te pèdi yo. . . .

Sous: Bruce Catton, *The Battle of Gettysburg*, American Heritage Publishing, 1963

4 Dapre dokiman sa yo, poukisa li te enpòtan pou Prezidan Abraham Lincoln te pale ak nasyon an apre batay Gettysburg la? [1]

Score

## Dokiman 5

Sa fè kat san sèt ane depi yo te bwote zansèt nou yo vin sou kontinan sa a, yon nouvo peyi ki fèt nan libète, e ki pran pwopozisyon sa a: tout moun kreye egal-ego kòm cheval batay li.

Kounye a, nou angaje tèt nou nan yon gwo gè sivil, kote n ap sonde si nasyon sa, oswa nenpòt nasyon ki fèt konsa e ki dedye tèt yo konsa kapab pran bal yo ofon. Yo rankontre nou nan yon gwo kokenn chenn batay nan gè sa a. Nou vin konsakre yon pati nan tèren sa a, tankou yon plas dènnye repo pou tout moun ki te bay lavi yo pou nasyon sa a ka egziste. Li tou nòmral e onèt ke nou ta dwe fè sa.

Men, nan yon sans laj, nou pa kapab fè inogirasyon — nou pa kapab konsakre — nou pa kapab onore tè sa a. Nèg brav yo, sa ki mouri ak sa ki vivan ki te goumen la, te konsakre tè sa a odla de ti pouvwa ke nou genyen pou ajoute oswa redui sou li. Limanite pap pran anpil nòt ni yo pap sonje sa nou di la pou lontan, men li pap janm bliye sa nèg brav yo te fè la a. Se pou nou ki vivan, pou nou konsakre nou pito la pou nou fini travay ki pa fini yo e moun ki te batay la yo te. Nou pito rete la epi abandone tèt nou nan gwo travay ki rete devan nou pou fèt — ke a pati de mò sa yo k ap onore, nou devwe anpil a kòz sa a kit e fè yo te montre tout dènnye mezi devouman yo — ke nou isit la pran gwo rezolisyon pou moun sa yo pa te mouri pou pou granmèsi — ke peyi sa a, anba pouvwa Bondye, va pran libète li yon dezyèm fwa — epi gouvènman pèp la, ki chwazi pa pèp la e pou pèp la pap peri akòz tè sa a.

Sous: President Abraham Lincoln, Gettysburg Address, November 19, 1863 (adapte)

5 Dapre Prezidan Abraham Lincoln, ki sa “gwo travay” ki rete pou moun ki vivan yo ye? [1]

Score

## Dokiman 6

Se Martin Luther King Jr. ki te oratè prensipal nan mach sou Washington nan nan dat 28 out 1963.

. . . Pou lòt oratè yo, memoryal Lincoln la pat sanble plis ke yon montaj. Men King te kòmanse rekòntè ewo nan panteyon [memoryal] dèyè li a. “Sa fè yon syèk depi yon gran ameriken, nan tras senbolik nou ap swiv jodi a, te siyen Pwoklamasyon Émansipasyon an [1ye Janvyè 1863]. Dekrè enpòtan sa a te vin tankou yon gwo limyè lespwa pou plizyè milyon èsklav nwa ki te blese nan gwo flanm dife enjistis ki te prèske etenn. Sa te rive tankou yon bèl douvanjou pou fini ak long nwit kaptivite yo.” Malerèzman, yon syèk annapre, nèg yo toujou nan lesklavaj. Diskou King lan te tounen pwòp pwoklamasyon emansipasyon pa li. Li leve vwa li an krechendo nan diskou selèb li a “Mwen fè yon rèv”: “Mwen fè yon rèv ke yon jou nasyon sa a gen pou li leve, epi pou li viv vrè siyifikasyon kwayans li yo: Nou kenbe verite sa yo kòm verite ki klè, lèzòm te kreye egalego.” King fè menm jan ak Lincoln nan Gettysburg, li te dedye peyi a a yon nouvo depa pou libète nan pouswit yon rèv ki la lontan. “Yo di ke diskou sa a [Martin Luther King Jr. te fè], te rann mouvman revolisyon nwa yo lejitim pase plis ke tout lòt evènman nan zye plis ameriken e sa te vin senbolize yon pwèn enpòtan nan nivo nasyonal ak istorik, sa a fè King leve wo nan panteyon gran ewo ameriken yo”. . . .

Sous: Merrill D. Peterson, *Lincoln in American Memory*, Oxford University Press, 1994 (adapte)

6 Dapre Merrill D. Peterson, ki jan diskou Prezidan Abraham Lincoln nan Gettysburg an 1863 la kontinye gen enfliyans sou Etazini nan 20yèm syèk la? [1]

Score

## Dokiman 7a

### Anons pou yon travay nan Detroit nan ane 1930 yo



Sous: Detroit News

## Dokiman 7b

### Kuizin soup nan Chicago, 1931



Sous: National Archives (adapte)



YON EKONOMIS AVIZE POZE YON KESYON



Sous: John McCutcheon, *Chicago Tribune*, 1931 (adapte)

7 Dapre foto yo ak desen politik sa a, ki **de** (2) pwoblèm anpil ameriken t ap fè fas ak yo nan kòmansman ane 1930 yo? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 8

. . . Pi gwo travay prensipal nou se mete travay pou moun nan travay. Pa gen pwoblèm ki pa gen solisyon depi nou afwonte li ak sajès epi ak kouraj. Sa ka rive fèt anpati si gouvènman fè rekritman li menm, trete travay la jan nou ta ka trete yon ijans lè gen lagè, men an menm tan, nan travay sa a, reyalize pwojè anpil bezwen estimile ak reòganize itilizasyon resous natirèl nou yo. . . .

Finalman, nan pwogrè nou pou reouvèti travay yo nou mande pwoteksyon pou evite mechan nan ansyen lòd la retounen: dwe gen yon sipèvizyon strik nan tout investisman bankè ak kredi yo, konsa n ap mete fen nan voye monte ak lajan pèp la; e dwe gen dispozisyon pou gen yon bonjan lajan an sikilasyon. . . .

Mwen prepare, selon responsabilite konstitisyon an ban mwen, pou rekòmande yon seri mezi yon nasyon ki toumante nan mitan yon monn boulvèse ka mande. Tout mezi sa yo, oswa lòt mezi Kongrè a adopte apati de eksperyans ak bon konprann yo, m ap mete yo ann aplikasyon san pèdi tan selon otorite konstitisyon an ban mwen.

Men, nan ka kote Kongrè a pa rive pran youn nan de posibilite sa yo, e nan ka kote ijans nasyonal la toujou nan yon nivo kritik, mwen pap janm kouri pou responsabilite k ap vin jwenn mwen. M ap mande Kongrè a antanke sèl enstriman ki rete pou reponn nan sitiasyon kriz la, vin mete ak pouvwa Egzekitif la pou deklare lagè kont ijans lan, menm jan nou t ap ban m tout sipò nou si se te yon ènmi etranje ki te anvayi nou. . . .

Nou pa defye lavni yon demokrasi esansyèl. Sitwayen Etazini pa dwe echwe. Selon sa yo bezwen, yo te anrejistre yon manda kote yo vle aksyon dirèk ak aksyon wòdpòte. Yo te egzije disiplin ak direksyon nan men dirijan yo. Yo te fè m tounen enstriman yo bezwen nan moman pou fè konnen volonte yo. Nan lespri kado sa a mwen pran responsabilite sa. . . .

Sous: President Franklin D. Roosevelt, First Inaugural Address, March 4, 1933

8 Dapre Prezidan Franklin D. Roosevelt, ki **youn** nan aksyon gouvènman an ta dwe pran pou fè fas ak ijans ekonomik nasyonal la? [1]

---

---

Score

## Dokiman 9a

. . . Tandans lan vire depi premye aksyon desizif [Prezidan Franklin D.] Roosevelt te fè lè l te antre an fonksyon. Dezèspwa tounen espwa, epi lafwa ak konfyans rive nan pi wo nivo amezi San Jou yo ap rive nan bout. Depresyon an pat fini, men laperèz pat la. Laprèz moun genyen pou demen ki bay vant deboulonnen an ale. Bagay moun ap chache tout kote nan peyi a. Si ou te gen yon travay, kounye a, ou gen rezondèt pou kenbe l fè m. Si ou pa t gen yon travay, detèminasyon pou w gen youn nan vin ogmante. Te toujou gen moun k ap vann pòm nan lari yo, pwofesè lekòl yo nan Chicago te toujou konn manifeste pou yo ka resevwa salè yo, epi Sendika Chomè toujou ap mache meri yo. Men, istwa nan papye yo te montre l yon pi bèl fason toujou: nouvo kan CCC yo te louvri ankò; Administrasyon Travay Sivil la kòmanse anplwaye moun pou fè reparasyon nan wout yo epi pwòpte pak yo; ak fèmye nan Iowa ak Wisconsin te tounen ap vann lèt ankò olye pou yo jete li sou gran wout yo. Li te vin posib pou w jwenn yon bon stek pou manje depi lè sa a, epi ou pat santi li yon pakèt afè si ou depanse vennsenk senns pou w gade yon fim. Gen kèk fanmi ki menm pran chans planifye vakans ete. Jounal *New York Times* Dimanch lye jiyè la te gen twa paj plen ak piblisite kwazyè ladan l. . . .

Sous: Cabell Phillips, *From the Crash to the Blitz: 1929–1939*, The New York Times Company, 1969

9a Dapre Cabell Phillips, ki jan san premye jou Prezidan Franklin D. Roosevelt yo te afekte peyi a? [1]

Score

## Dokiman 9b

. . . Malgre defi sa yo [pou defèt New Deal la], eleman fondamantal yo nan New Deal la te pwouve fèmte yo [dirabilite]. Bush [Prezidan George W.] te kòmanse dezyèm manda li ak yon gwo kanpay pou privatize Sekirite Sosyal. Sepandan li te oblije bay vag paske lòt pati yo te ini tèt yo pou opoze ak li. Li te menm siyen yon lwa medikaman doktè preskri nan Medicare, lwa kongrè repibliken an t ap sipòte, sa ki te kontribye nan etann teritwa eta-pwovidans lan. Diskisyon politik la te vire byen vit sou asirans sante, ak yon majorite nan ameriken yo di entèvenan yo ke yo sipòte aksè inivèsèl pou swen sante. Menm ak bès rejim regilasyon federal la, ki varye selon pouvwa ki anplas la, ide a se fè konnen gouvènman gen yon devwa pou pwoteje pèp la kont tranzaksyon malonèt, manje ak medikaman danjere, ak bank ki anfayit yo, ki te revòltan an 1933, te sispann tounen yon peripesi. Nan sezon otòn 2008 la, lè yon prezidan Repibliken ak yon Kongrè Demokratik te ini yo pou enjekte \$ 700 milya dola pou sovtaaj nan endistri finansye a, li te klè ke tout peyi a te aksepte prensip fondamantal ki nan New Deal la. . .

Sous: Adam Cohen, *Nothing to Fear: FDR's Inner Circle and the Hundred Days that Created Modern America*, Penguin Press, 2009

9b Dapre Adam Cohen, bay **yon** fason ide ki nan New Deal kontinye enfluyanse aksyon gouvènman pran an. [1]

---

---

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Atravè tout istwa Etazini, pandan tan ki gen kriz oswa chanjman, prezidan yo te pale ak pèp ameriken an yn fason pou enfluyans opinyon piblik la epi jwenn sipò yo. Diskou sa yo te gen yon konsekans enpòtan sou Etazini ak sou sosyete ameriken an. Nou jwenn twa diskou konsa, **Diskou Orevwa George Washington nan (1796), Diskou Abraham Lincoln nan Gettysburg (1863), ak Premye Diskou Inogirasyon Franklin D. Roosevelt la (1933).**

**Sa pou fè:** Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi **de (2)** diskou ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki asosye ak diskou a
- Esplike ide prensipal diskou a
- Diskite sou konsekans diskou a genyen sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan





